**Жайна хIоттийнарг – Алиев Бексолтин Ахьмад**

Рецензент – Магамедов С.Р.

# **Пайхамара** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **бераш кхетош-кхиорехь хIоттийна низам**

**Гуьмсе 2010**

Воспитание детей согласно Сунне Пророка (да благословит его Аллах и приветствует). Составитель – А.Б.Алиев, 2010, – ? с.

**БисмиллахIиррохьманиррохьим**

## **Дешхьалхе**

Хастам бу Іаламийн Да Волчу АллахІна. АллахІера салам-маршалла хуьлийла Іаламех къинхетам беш Дала ваийтина волчу вайн Элчанна Мухьаммадна, цуьнан доьзалшна, асхьабашна, царна тІаьхьа мел баьзначарна а.

Баккъалла а, ден-ненан ирсах ду доьзалхо ийманехь а, дена-нанна муьтІахь волуш а хилар. Веза-Сийлахьчу Далла гергахь да-нана доккхачу жоьпаллехь ду шайн доьзал ийманехь, оьзда гІиллакх долуш кхиорехь. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла: **«Шух хІора а Іу ву, хІораммо а жоп дала дезар ду шен Іуналлех».** *Бухари.*

Бусалба дино ма-бохху доьзал хьалакхиор атта болх бац. Дас-ненас дийнахь-буса, кІорда ца деш, мало йоцуш, собарца, хьекъалца, хаза масал гайтарца и болх дІабаьхьча, шаьш юьхьарлаьцнарг кхочушдан аьтто хир бу цаьршиннан. Иштта кхиийна доьзалхо юьхькІам бу дена-нанна, юьртана а, махкана а, массо бусалба нахана а. Бакъду, нагахь санна дас-ненас оцу балха тІехь ледарло а йина, шайн бераш бала а боцуш тесна дитахь, Делера оьгІазло хила герга ду царна.

Вайна хууш ма-хиллара, уггаре нийса къамел – Дала доссийна Къуръан ду, ткъа уггаре нийса некъ – Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хьехнарг, цо гайтинарг а бу. Цундела хІара жайна вовшахтухуш тхуна коьрта хийтира Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) бераш кхиорехь хІоттийна низам дайшна-наношна довзийтар. Веза-Сийлахьчу Дала доьзал кхиорехь а, муьлххачу хьолехь а Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) билгалбинчу некъахь дІадаха аьтто бойла вайн.

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«ХІай ийман диллинарш, керста нахах а, тІулгех а латор йолчу цІарах ларде аша шайн догІмаш а, доьзалш а. Оцунна тІехІиттийна маликаш хир ду, шога, нуьцкъала а долуш, Дала шайга динчу омранна Іеса а ца хуьлуш, шайга де аьлларг кхочуш а деш».** *«Ат-Тахьрим», 6.*

Абу ХІурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Адам делча цуьнан Іамал дІахедаш ю, кхо хІума доцург: лелаш долу сагІа; шеца пайда оьцу Іилма; цунна доІа деш волу дика доьзалхо а».** *Муслим.*

Іусманул ХьатІибийс аьлла: «Суна хезира Іумаран кІанта (Дела реза хуьлийла цунна) цхьана стаге олуш: **«Хьайн доьзалхочунна гІиллакх**

**Iамаде, баккъалла а, хьоьга хоттур ма ду ахь цунна хIун гIиллакх хьехна, ахь цунна хIун Iамийна аьлла. Баккъалла а, цуьнга хоттур ма ду хьуна муьтIахь хиларх а, хьоьца дика хиларх а лаьцна».**

**Баккъалла а, доьзалхо кхиорехь тахана дуккха а кхераме халонаш ю, царах ю:**

– Доьзалхо кхиорехь массарел хьалха жоьпалле долчу дас-нанас цу тIехь ледарло яр;
– Бераш кхетош-кхиош йолчу урхаллаша бераш кхиорехь оьшуш долу, беран сица а, ойла кхоллаяларца а, дегIехь хила дезачу гIиллакхашца а доьзна долу коьрта хIуманаш тидаме ца лоцуш дитар;
– Малхбузерчу пачхьалкхаша бераш кхиорехь хIоттийна низам дена-нанна нийса ду моттар а, цу тIехь бер кхио гIертар а;
– Да-нана Исламан низам девзаш, цу тIехь доьзалхо кхио гIерташ къахьоьгуш ца хилар.

**Пайхамара хIоттийна низам – иза хIора заманахь а, массо меттехь а бераш кхетош-кхиорехь уггаре дика низам ду**

**Иза уггар дика низам хилар гойтуш ду:**

**1. Иза хIоттийна ду, Делах а, къематдийнах а тешарна тIехь, Делан Элчанна** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **тIаьхьавазарна тIехь а.**

**2. Иза ду, ойланашна тIедоьгIна доцуш, къахьегарехь девзина низам.**

**3. Цо дена-нанна довзуьйту, бераш кхиорехь шаьш жоьпалле хилар а, цаьршиннан коьрта Iалашо – доьзалхо ийманехь кхиорехь къахьегар хилар а.**

**4. Берашна цо хьоьху цаьргахь хила деза гIиллакх а, вуочух лардала дезаш хилар а; и тера дац цхьана а адамаша шайггара хIоттийначу кхечу низамах.**

**5. И долало бераш шариIатан белхашка марздан, уьш ворхIара девлчхьана пхийттара довллалц.**

**6. Цо гойту, берашна дика болх хьехар – Iибадат хилар, Дала и хьоьхуш волчунна мела луш хилар, баккъалла а, иза АллахIера комаршо а, Цо шен лейх бина къинхетам хилар а.**

**7. Берашна цо хьоьху Делах кхерар а, шаьш халонехь я гІайгІане хилча Делера гІо лаха дезаш хилар а, собаре волчун халонна тІаьххье Дала аьтто беш хилар а.**

**8. Къаьсттина Делан Элчанах** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **хаза масал эца дезаш хилар, деккъа Элчанах** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **масал оьцуш бераш дІахІиттича, церан дахаран некъ Исламан низамехь нислуш хилар а хьоьху цо берашна.**

**9. Оцу низамо ден-ненан дозалла а, цаьршинца вуон волчунна Далла гергахь хиндолу Іазап дийцар бахьана долуш – дена-нанна дика а, цаьршинна муьтІахь а долуш кхуьу бераш.**

**10. Шайн дегІана, хьекъална, дагна паден дерг а, доцург а нийса оза а хьоьху цо берашна.**

**11. Нийса кхетам кхиабо цо берашкахь – шеконехь дерг а, доцург а къасто аьтто беш.**

**12. Цо хьоьху бакъо, бакъдерг дийцар, кхиберш Делан а, Цуьнан Элчанан** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **бакъоне кхайкхар а.**

**13. Цо шена-шена доькъу ден а, ненан а бераш кхиорехь долу жоьпалла.**

**14. Цо хьекъал ло Къуръано а, Делан Элчанан** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **Суннато бохучух а, ялсаманих а, жоьжахатих а лаьцна ойлаян.**

### Бераш кхетош-кхиорехь ден-ненан долу дакъа

Бусалба дино доьзалхо кхетош-кхиорехь ден-ненан долу дакъа кхечу муьлххачу стегачул уггаре а хьалхарчу могІарехь лору. Веза-Сийлахьчу Дала доьзалхо дика кхиорехь да-нана сутара деш аьлла: **«ХІай ийман диллинарш, керста нахах а, тІулгех а латор йолчу цІарах ларде аша шайн догІмаш а, доьзалш а. Оцунна тІехІиттийна маликаш хир ду, шога, нуьцкъала а долуш, Дала шайга динчу омранна Іеса а ца хуьлуш, шайга де аьлларг кхочуш а деш»**. *«Ат-Тахьрим», 6.*

Абу ТІалибан кІанта Іелас (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, АллахІа Шен дашехь: **«Аша ларде шайн догІмаш а, доьзалш а керста нахах а, тІулгех а Аса латор йолчу цІарах»**, бохург – **«Аша Іамаде шайн догІмашна а, доьзалшна а диканиг»,** – бохучу маьІнехь ду аьлла.

Тафсираш дечу Іеламнаха оцу аятан хьокъехь аьлла: **«Аша ларде шайн догІмаш а, доьзалш а жоьжахатин цІарах – Дала хьарамдинчух лардаларца».**

Оцу хьокъехь Мукъатила (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: **«Иза ду бусалба стага шен дегІ а, доьзал а гІиллакххехь кхиор, цо шега а, шен доьзале диканиг де аьлла омра дар, вуониг ма де алар а».**

Ден-ненан жоьпалла доккха хилар шен дашехь чІагІдина Ибнуль-Къаййим бохучу Іеламстага (Дала къинхетам бойла цунах). Цо дийцира: **«Цхьаболчу Іеламнаха боху аьлла: «Баккъалла а, Веза-Сийлахьчу Дала къематдийнахь доьзалхочуьнга шен дена-нанна хьалха долчу декхарел а, оцу дега-нене доьзалхочун хьалха шайн долчу декхарх лаьцна хьалхе хотту. Баккъалла а, дена-нанна хьалха доьзалхо декхар хиларе терра, и да-нана а ду шаьшшинан доьзалхочунна хьалха декхарийлахь».**

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Оха весет дина адаме, шен деца-ненаца дика хила, цара бохург де, аьлла. Нагахь санна хьоьга Соьца накъост лацийта йолчу Іалашонца цаьршимма къахьегахь, – хьоьгахь цхьа а Іилма а доцуш, – тІаккха ахьа цаьршинга ла ма догІалахь. Соьга ду шун дерзар, тІаккха Аса шуьга дуьйцур ду аша деш хилларг».** *«Аль-Іанкабут», 8.*

Абу ТІалибан кІанта Іелас (Дела реза хуьлийла цунна) аьлла: **«Аша шайн доьзалшна гІиллакх а, Іилма а Іамаде».**

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«АллахІна Іибадат де аша, Цуьнца накъост ма лаца цхьана а хІуманна тІехь. Дена-нанна, гергарчарна, буоберашна, мискачарна, гергахь волчу лулахочунна, генарчу лулахочунна, нийсачу накъостана, некъахочунна, шайн аьтту куьйгаша доладинчарна** (лешна) **а дика хила шу. Баккъалла а, Далла ца веза куралла еш верг, ша-шех тамаш бийриг а».** *«Ан-Нисаъ», 36.*

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла: **«Шаьш царна лучу хІуманехь аша нийсо е шайн доьзалшна юккъехь».** *Бухари.*

### Бераш кхетош-кхиорехь дена-нанна тІехь долу жоьпалла

Имам Ибнуль-Къаййима (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: **«Шайн берашна дика хила аьлла, АллахІа дай-наношка дина весет хьалхе**

**йолуш ду – доьзалшка шайн дайшна-наношна дика хила аьлла динчу весетал а».**

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Аш шайн бераш ма дайа, къелла тIеярна кхоьруш, Тхо ду царна а, шуна а рицкъа луш; баккъалла а, уьш дайар – доккха къа ду».** *«Аль-Исраъ», 31.*

Нагахь санна, дас шен доьзалхочунна пайден дерг Iаморехь ледарло яхь, цо иза Iуналла ца деш тесна витахь, цо шен доьзалхочунна чаккхе йоцуш вуон болх бо. Баккъалла а, дукхах долчу хьолехь доьзалхо галволу ден-ненан бехкенна, динехь лело дезарг а, нийса дерг а цаьршимма цунна ца хьехар бахьана долуш. Дас-нанас доьзалхо жима волуш зен вайар бахьана долуш, иза воккха хилча а пайден ца хуьлу шена я шен дена-нанна а. Цхьаболчу дайша шайн кIенташна Iиттарш йо шеца дика вац хьо олий, тIаккха оцу кIанта цунна жоп ло: «ХIай сан да, хьо соьца со жима волуш ма-хиллара ву-кх со хIинца хьоьца, ахь со жима волуш тергал ца веш тесна витарх терра, хIинца хьо а вуьтур ву-кх ас тесна». Цундела шайн доьзалхочуьнга и санна жоп шайга ца далийта, уьш гIиллакхе, оьзда а кхиорехь къахьега деза дайша-наноша. ХIора дас ша-шега хаттар дан деза: «Сан доьзалхо галваларехь бехке мила ву-те?» – аьлла. Баккъалла а, бусалба дино доьзалхо галваларехь жоьпалле до да-нана я цаьршиннан метта хIуттуш верг. Оцунна къеггина делил ду Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина долу Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хьадис: **«Цхьа а доьзалхо ма вац, ша бусалба а волуш дуьнен чу волуш а бен; амма цуьнан дас-нанас жуьгтийн дин тIехь я эрмалойн дин тIехь я цIарна Iибадат дарна** (огнепоклонник) **тIехь кхиаво иза».** *Бухари.*

Иштта, да-нана доьзалхочух кхоччуш жоьпалле хиларна тIенисво, доьзалхо кхиорехь ледарло йича Дала дега-ненега барт хоттург хилар дуьйцучу Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хьадисо: **«Шух хIора а Iу ву, хIораммо а жоп дала дезар ду шен Iуналлех. Имам Iу ву, шен Iуналлех жоп дала дезар долуш ву. ХIора стаг шен доьзалехь Iу ву, шен Iуналлех жоп дала дезар долуш ву и. Зуда шен майрачун хIусамехь Iу ю, шен Iуналлех жоп дала дезар долуш а ю. Ялхо шен элан даьхнина тIехь Iу ву, шен Iуналлех жоп дала дезар долуш ву».** *Бухари.*

ХIара ду-кх, ден-ненан, Далла гергахь, доьзалхочун хьокъехь долу жоьпалла. И жоьпалла ду-кх къаьсттина дена-нанна тIехь, цаьршиннан метта кхин хIотта йиш йоцуш, АллахIа цаьршинга уггаре хьалха хоттур а долуш.

## Бусалба динехь бераш кхоччуш кхетош-кхиоран низам

Дена-нанна хаа деза бераш Іамор атта доций а. И бер жима доллуш дика Іамийча, ша доккха хилча дахаран нийса некъ дІахьо цо. Цундела дас-нанас я хьехархочо а терго ян еза бер кхиорехь дерриг хІума нийса а, дика а хьехарехь. Хьалхалера бусалба наха шайн берашна Іилма, гІиллакх Іамо уггар дика а, гІиллакх долуш а, ира кхетам а болу хьехархой лохуш хилла, цунах лаьцна цхьадерг дуьйцур ду вай:

Абу Суфянан кІанта Іутбата (Дала къинхетам бойла цунах) шен берийн хьехархочуьнга Іабдус-Самаде аьлла: **«Уггаре хьалха ахьа нисдан дезарг хьайн дегІ ду, хІунда аьлча, ахьа Іамочеран бІаьргаш ду хьан бІаьргех хІиттаделла, ахьа шайна дика хьехахь, диканиг схьалоцу цара, амма шайна вуониг хьехахь вуон схьалоцу цара. Ахь царна хьеха Делан жайна** (Къуръан), **амма ойла акха ер йолуш ницкъ ма бе царна я цара иза дІатосур долуш юкъа хан ма йолийта царна. Цул тІаьхьа ахьа Іамаде царна сийлахь долу хьадисаш а, кІорггера маьІна долу байташ а. Айхьа царна хьоьхуш долчу Іилманах эрна дерг ма иэде, баккъалла а, къамел ийна хиларо кхетам галбоккху. Ахь царна дийца хьекъалечу нехан дахарах а, шайца хаза гІиллакх долуш баьхначу нехан гІиллакхах а. Ахьа ларбе уьш зударшца къамеле бийлархь. Ахьа царна кхерам таса, соьга дІадуьйцур ду алий, делахь а соьга ца доккхуш гІиллакх Іамаде царна. Хьо цаьрца хила, шена цамгар хІун ю хаъалц дарба ца дечу лоьрах терра. Ахьа сох бехказло яй, ледарло ма е уьш Іаморехь, ас йийр яц хьуна хьоьца долчуьнца ледарло».**

Марванан кІанта Іабдуль-Малика (Дала къинхетам бойла цунах) шен кІентан хьехархочуьнга аьлла: **«Ахьа цунна бакъдерг дийцар хьеха, айхьа Къуръан хьехарх терра. Ахь цунна Іамаде хаза гІиллакх, цуьнга йийца стаг майравоккхуш йолу хаза байташ а. Сийдолчу а, Іилма долчу а нахаца охьахааве иза, баккъалла а, уьш бу хьуна нахах тІех гІиллакх дерш а, олучух ларлуш берш а».**

ХаттІабан кІанта Іумара (Дела реза хуьлийла цунна) Мисаречу хьаькамашка ша дахьийтинчу кехата тІехь яздинера: **«Аш Іамаде шайн берашна некадар а, говр хахкар а, масал далор а, хаза байташ а».**

Хьаджажа шен кІентан хьехархочуьнга аьлла: **«Ахь сан кІантана некадан Іамаде йозанал хьалха, хІунда аьлча, цунна шен метта йоза яздан стаг карор ву, амма некадан стаг карор вац».**

Цхьаболчу паччахьаша шайн берийн хьехархошка олуш хилла: **«Аша ма баха уьш цхьа хIума Iамале кхечунна тIе, дикка Iамаза дерг цара лелор долуш, баккъалла а, Iилма Iамор ладогIарехь ду, амма иза моьттучуьнца иэдаро кхетам галбоккху шуна».**

Хьалхалера бусалба наха олуш хилла: **«Дайшна тIехь декхар ду шайн кIенташна йоза-дешар а, некадар а, хьесапдар, Iилма а Iамор».**

**Дайша-наноша тидаме эца дезачух коьртаниг**

1. Дена-нанна хууш хила деза массо а бер Дала кхоьллинчу Iаламах дакъа дуйла.
2. Дуьххьара да-нана дикчу агIор хийцадала деза, нагахь шайн бераш дика хила лаахь.
3. Бераш кхетош-кхиорехь къаьсттина корматалла йолчарах и шиъ дагадалар ду.
4. Бераш кхиорехь нийса боцу некъ бовзар (оцу новкъа ца вахархьама). Цуьнан масал ду: сихвалар, ца хаар, тергам ца бар, и санна дерш а.
5. Да-нана бер кхетош-кхиорехь къахьега могашалла йолуш а, собаре а хилар.
6. Бераш Iаморехь шайгара йийлинчу ледарлонан чаккхе вуон хирг хилар дена-нанна девзаш хилар ду.
7. Ден-ненан догIмийн гIиллакхаш оьзда хиларо бераш кхетош-кхиорехь кIорггера тIеIаткъам бо. Масала: и шиъ тешаме хилар а, дикане сатуьйсуш хилар а, гIо оьшучунна гIо деш хилар а.
8. Бераш кхетош-кхиор хьекъалца болх барна тIе доьгIна хила дезар дена-нанна хаа дезаш хилар ду.
9. Бераш кегий долуш кхоччуш Iамийна хилар го, шаьш кхиъна девлча цара баккхийчарна гIодеш хиларо.
10. Доьзалхо кхиорехь ден-ненан барт цхьаъ хилар коьрта бух бу, тIаьхье кхиам болуш хилийтархьама оьшуш болу.
11. Стаг шен дена-нанна муьтIахь хиларо гойту, цуьнан доьзал цунна муьтIахь хирг хилар.
12. Стага, шен доьзалхо шех терра Iамо ца гIерташ, кхин керла хIума и Iамо лууш велахь, цо цунна цу тIехь гIо дар.
13. Доьзалхочуьнца долу хIума, шеко йоцуш, билггала хилар ду, иза дог паргIат хилийтархьама.
14. Божаберана а, зудаберана а къаьсттина хьеха дезарг а, цаьрца хIоранца лело дезарг хаар.

15. Дена-нанна а, берашна а юккъехь шерашкахь башхалла хилла ца Іаш, оьшучу хІуманехь а, хьекъал кхачарехь а, ойла ярехь а башхалла юй хаар а; иза къаьсттина тергам тІебахийта дезачу коьртачех хІума ду.
16. Цхьаммо шен доьзал дика кхиийна аьлла шайна хезча, цуьнгара масал а ца оьцуш, Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) низамах масал эцар, хІунда аьлча бераш хуьлу тайп-тайпана кхетам болуш, ткъа Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) низам ду хІоранна а, массо заманахь догІуш а.
17. Доьзал кхиорехь Веза-Сийлахьчу Далла чІогІа цадезачех а, уггаре кхерамечех а ду моттаргІанаш лелор а, гІаравала лаар а, шегахь доцу гІиллакх ду моттийтар а царна хьехар.
18. Шен доьзалхочунна даима Деле диканца доІадеш хилар а, шаьшшиъ мел чІогІа оьгІаздахарх сардамаш ца дехар а.
19. Доьзалхо Іаморехь собаре хилар, къахьегар алсам мел хуьлу, кхиам лакхара хир буй хаар.
20. Массо хІуманна тІехь аьтто бар Делера дуй а, вайн карахь бахьанаш лелор дуй хаар а.
21. Доьзалхо кхиорехь нигат цІена хиларций бен кхиам ца хуьлий хаар а, цу къахьегарехь коьрта кхиам беш дерг нигат цІена хиларца дикане сатийсар дуй хаар а.

## Дегахь, ненехь а, берийн хьехархочуьнгахь а хила деза сибаташ

Баккъалла а, берийн кхиорхочуьнгахь хила дезаш къаьсттина сибаташ ду, царна и кхиорхо герга мел хили а бераш кхиорехь цуьнан аьтто а хуьлуш. Бакъду, сакхталлаш йоцуш, ийманах дуьззина догІмаш дерш пайхамарш (Делера салам-маршалла хуьлийла царна) бу, цаьрга адам кхочийла доцуш, амма адамана тІехь ду шен ницкъ кхочучу барамехь хаза гІиллакх лелор а, лераме сибаташ шеца хилийта хьажар а, нисвала хьажар а. ХІинца вай дуьйцур ду оцу лерамечу сибатех коьртаниш:

### 1) КІеда-мерза а, собаре а хилар

И шиъ ду АллахІна дукхадезачу сибатех ши сибат, оцу шина сибато чІогІа тІеІаткъам бо бераш кхетош-кхиорехь. Ибн Іаббасах (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) Ашадж Іабдуль-Къайсе элира, аьлла: **«Баккъалла а, хьоьгахь ши хІума ду, АллахІна дукхадезаш долу; кІеда-мерза а, собаре а хилар».** *Муслим.*

**2) Къинхетаме, аьхна хилар**

Іаишата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Баккъалла а, АллахI Къинхетаме Ву, къинхетам безаш а Ву. Цо ла а ло, къинхетамечунна, шогачунна ца лурриг, я кхечунна ца лурриг а».** *Муслим.*

Іаишата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Баккъалла а, къинхетам хир бац цхьана хIуманехь, цо иза хаздеш а бен; цхьана хIуманах и дIабоккхур бац цо, иза эрчадоккхуш а бен».** *Муслим.*

Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) цецвелира Хьабисан кIантах АкъраIах (Дела реза хуьлийла цунна), цо шега: **«Баккъалла а, сан итт доьзалхо ву, царах цхьанне а барт белла бац ас»**, – аьллачу хенахь. Иза, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) Іелин кIантана Хьасанна барт луш шена гинчу хенахь, аьллера цо. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) цуьнга тIаккха элира**:** **«Къинхетаме воцчух – къинхетам бийр бац», –** аьлла. *Бухари.*

**3) ОьгIаз ца эхар**

Да-нана оьгIаздоьду беро шаьш аьлларг ца дича я вуон лелча, цаьршимма цунна тоха а туху. Амма шегара яьллачу ледарлонна бер къера хилча, цунна оьгIазвахана Іан мегар дац, хIунда аьлча бер ша динчунна дохкодаьллачул тIаьхьа а цуьнан да-нана оьгIазъэхаро цунна дагатосу, цаьршинна ша ца деза олий. Ткъа бер дохкодаьлча а да-нана оьгIазлонах даста ца даларо беран кхетош-кхиорехь вуон тIеІаткъам бо, хIунда аьлча и шиъ оьгIаздахаран бахьана хуьлу шаьшшинна новкъарло хиларна, бер Іамо гIертарна а доцуш.

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Онда хилар дац шуна стаг охьатохарца, баккъалла а, онда хилар ду – ша оьгIазвахча шен дегIан доладар».** *Бухари, Муслим.*

**4) Шина балхах атта берг хоржуш хилар, и шеца къа долуш бацахь**

Іаишатах (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, цо элира, аьлла: **«Делан Элчано шина балхах цхьаъ хаьржина ма бац, цаьршиннах атта берг схьаоьцуш а бен, нагахь и шеца къа доцуш белахь. Нагахь цуьнца къа хиллехь, кхиболчу нахал гена валара и цунна. Делан Элчано ша бахьана**

**долуш чIир эцна яц цкъа а, Дала тоьхна доза хадийча а бен, тIаккха цо чIир оьцура Делан дуьхьа».** *Бухари.*

Шина балхах атта берг хоржу, нагахь и шиъ ший а шариIатехь мегаш белахь. Цунна масал ду – бераш Iаморехь царна атта йолу хан харжар а, царна атта долчу дешнашца хьехар а; царна хьехарехь хала некъ ца хоржуш, атта болу некъ харжар а нийса ду.

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла: **«АллахIна дикахета Шен лено Ша чIагIдина тIедехкина омранаш кхочушдарх терра, Шен дайдарш а** (аьттонна елла бакъонаш) **кхочушдича».** *Абу ЯIла.*

**5) Ша лелош дерг юккъерчу барамехь лелор**

Баккъалла а, ша лелориг кхачамбоцуш дитар а я оцу балхехь тIехвийлар а стагана зен дечу, бусалба дино къобал ца дечу гIиллакххех ду. Цундела вайна го, Делан Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) динан белхашкахь юккъера барам лелор дукхадезаш хилар, ткъа бисинчу белхашкахь и иштта хила дезарна тIехь а яц цхьа а шеко.

Абу МасIуда (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина: «Цхьа стаг веара Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) волчу. Цо элира: «Хьанеха ламаз дахдар бахьана долуш, Iуьйра ламазе ца вогIуш Iа со». Суна цкъа а гина ма вацара Пайхамар (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна), оцу дийнахь ша хьехам беш санна, оьгIазвахана». Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«ХIай нах, баккъалла а, шуна юккъехь нах къеххкош берш бу. Шух ламазехь нахана хьалхаволучо ламаз дах ма дойла, баккъалла а, цунна тIаьхьахIуттий воккханиг а, гIорадоцург а, шен гIуллакхе вахавезарг а хуьлу».** *Муслим.*

Цундела, бераш кхиорехь къахьоьгуш волчунна хаа деза, уьш Iаморехь ледарло яр а, я тIех ницкъ бар а доцуш, юккъерчу барамехь хьеха дезаш хилар, оцунна билггал долу делил ду вай хIинцца дийцина хьадис.

**6) Бераш Iамор хьехамца доьзна дуй хууш хилар**

Баккъалла а, къамел дукха даро стеган кхачамбацарш билгалдоху. Амма Дела дукха хьехаваро даг чохь Дела везар чIагIдо, цундела берашна Делах кхерарх лаьцна а, Цунна муьтIахь хиларх лаьцна а, Иза дукха хьехорах лаьцна а хьехамаш бан беза. Баккъалла а, берашна хьоьхуш волчунна хаа

деза, Дела хьехорца дегнашна паргІато а, синтем а хуьлий, эрна къамел дукха деш волу стаг оцу къамелан лай хулий а.

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Ахьа хьехам бе, баккъалла а, хьехамо бусалба нахана пайда бо».** *«Аз-Зарият», 55.*

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Дела хьехорций бен дегнаш паргІатдовлий?»** *«Ар-РоІд», 28.*

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Дела дукха хьехош болчу божаршна, зударшна АллахІа гечдар а, йоккха ял а кечйина».** *«Аль-Ахьзаб», 35.*

Абу Дардаа (Дела реза хуьлийла цунна) аьлла: **«Ахь нийсо е хьайн лергашна, маттана а юккъехь, баккъалла а, хьуна ши лерг, цхьа мотт а белла, айхьа дуьйцучул алсам хьо ладугІуш хилийта».**

Іела-асхьаба (Дела реза хуьлийла цунна) аьлла: **«Адамийн мотт – дика, вуон а яздечу маликан къолам бу, цуьнан туй – шекъа ду».** *Ибн Аби Дунья.*

**7) Шегара хаза масал гойтуш хилар, ша дуьйцург лелочуьнца бІостанехьа ца хилар**

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«ХІай ийман диллина нах! Аша хІунда дуьйцу шаьш дийр доцург, Далла гергахь оьгІазло йоккха ю-кх, шаьш ца дийриг аш дийцарна».** *«Ас-Софф», 2-3.*

Веза-Сийлахьчу Дала боху: «**Делан Элчанца дика масал дара шуна – Делах а, къематдийнах а кхоьручарна, Дела дукха хьехочарна а».** *«Аль-Ахьзаб», 21***.**

АллахІна ца деза бусалба стага ша дуьйцучунна бІостанехьа дерг лелор, Цо хоуьйту иза сийсазчу гІиллакхех хилар а, и саннарг лелочунна Шегара оьгІазло хирг хилар а. Амма Далла лаьа, вай Шен Элчанах (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) масал эца а, вайн доьзалшна ваьшкара и гайта а. ТІаккха хир ю доьзалхо Іаморан тІаьхье ирс долуш а, кхиам болуш а. Цундела, бераш кхиорхочунна хаа деза бере нийса дерг дийца а, ша доьхнарг леладахь цо шегара доьхнарг схьалоцур дуйла, хІунда аьлча берана лаьа леларехь воккхачух тардала. Цундела цо берана хьехар дарх ца тоьу, цо и ша кхочушдеш дацахь.

**8) Берашна юккъехь нийсо еш хилар**

Хьалха дІабаханчу бусалба наха хаза масалш дитина вайна берашна юккъехь нийсо ярехь. Цара нийсо еш хилла шайн берашна юккъехь, уьш

хьоьстуш а. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) бехк баьккхинера цхьана стагера, цо шен жима кIант шена тIевеъча, барт а баьккхина, шен кара охьахаийнера, амма шен жима йоI тIееъча, цунна барт ца боккхуш, шена улло охьахаийнера иза, аьлла. ТIаккха Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Ахьа нийсо хIунда ца йо цаьршинна юккъехь?»** *Баззар.*

Берашна юккъехь нийсо хила еза, царна довдеш а, совгIаташ деш а, уьш хьостуш а, муьлххачу цаьрца доьзначу хIуманехь а. Уьш къесто мегаш ца хилар а, царна юккъехь озабезамаш бар хьарам хилар а гойту вайна вай дийцинчу Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хьадисо.

**9) Бераш кхиорехь шен къахьегар кхиам болуш хилийта аьлла Деле дехар** (доIа дар)

Баккъалла а, дас-нанас доьзалхочунна динчу доIина жоп луш ву АллахI, хIунда аьлча дас-нанас доьзалхочунна доIадар даггара хуьлу дера. Ткъа ден-ненан хьакъ ду шаьшшиннан доьзалхочунна дика дерг дехар. Цундела доьзалхочунна вуон болх бехарх лардаларна ден-ненан тидам тIебахийтина вайн Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна). Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хилла шен асхьабашца (Дела реза хуьлийла царна) новкъаволуш. Ансарех волчу цхьана стага шен эмкал текхна ца яьлча, аьлла: «Лелий яла, Делера неIалт хиларг!» Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла: **«Мила ву и шен эмкална неIалт аьлларг?»** Оцу стага жоп делла: **«Со ву, хIай Делан Элча».** ТIаккха Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла: **«Охьавосса цу тIера, хьо тхоьца ма вола шена неIалт аьллачу хIуманца. Аша ма деха шайн догIмашна, шайн доьзалшна, шайн даьхнина вуониг. Баккъалла а, шун доIа жоп лучу хенаца цхьана ма ца догIу, цунна жоп луш а бен».** *Ибн Хьиббан.*

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлда цунна) аьлла: **«Кхо доIа ду, шегахь шеко а йоцуш, жоп луш: «Шена зулам динчун доIа а, некъахочун доIа а, шен доьзалхочунна дас-нанас дина доIа а».** *Тирмизи.*

**10) Доьзалхо Iаморехь къахьегар, кIорда ца деш, даима латтор**

Иза ду, доьзалхо Iаморехь къахьега ехха хан еза дела, цунна ца тоьу тIехволуш тIебахийтина болу тергам, иза нийса белахь а. Кхиам хиллалц, кIорда а ца деш, хьеха деза нийса дерг. Делан Элчано (Делера салам-

маршалла хуьлийла цунна) аьлла: **«Аша сийде шайн доьзалан, аша хазде церан гӀиллакхаш».** *Ибн МажахӀ.*

Доьзалхо Ӏамо кӀорда ца дар, я, дӀасавахана, цунна юкъа дукха хан ца йолийтар – коьрта бехкам бу кхиам хиларехь. Цундела, дас гена дӀасавахарца шен доьзал хене боккхуш хилча я деша вахана хан йоккхуш хилча, цуьнан хӀусамнанна тӀехь долу жоьпалла дазло цуьнгахь хила дезачул сов. Цундела иза собаре хила еза шена а, шен хӀусамдена а тӀехь долу жоьпалла шиннан меттана кхочушдарехь.

**11) Уггаре хьалха, шен дегӀ Далла муьтӀахь хиларна тӀехь кхиор**

Баккъалла а, да-нана нисделла хиларо чӀогӀа тӀеӀаткъам бо доьзалхо нисваларна. Ибн Ӏумара (Дела реза хуьлийла цаьршинна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Шу дика хила шайн дайшна, шун бераш шуна а дика хир ду тӀаккха…»** *ТӀабарани.*

Оцу хьадисо гойту, ден-ненан карахь доьзалхо нисваларехь доккха дакъа хилар, иза ду и шиъ шаьшшиъ нисделла хиларца масал гойтуш хилар, тӀаккха АллахӀа цаьршиннан беркат хьарчадо цаьршиннан доьзалхочух а.

**12) Шен дашехь, леларехь а бакъдолчунна тӀехь сецна хилар**

Баккъалла а, шен дашехь а, леларехь а бакъдолчунна тӀехь сецна волчу стеган Ӏибадат хуьлу, моттаргӀанаш лелорца ийна доцуш. Иштта стаг хуьлу шен дош лардеш, харц тоьшалла дарх а, ямартло ярх а ларлуш.

Абу ХӀурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Мунепакъ стеган кхоъ билгало ю: ша хабар дуьйцуш харцлуьйш хуьлу иза, ша бина барт бохабо цо, ша тешаме вича, ямарт хуьлу иза»**. *Бухари, Муслим.*

Абу ХӀурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Схьадола, хӀара лур ю ас хьуна, бере аьллачунна, тӀаккха цо цунна хӀумма а ца лахь, харцлерна къа яздийр ду цунна».** *Ахьмад.*

ӀабдуллахӀа (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Баккъалла а, харцлеро къинош летадойту, баккъалла а, къинош летадаро жоьжахати чу вуьгу, баккъалла а, къонах харцлуьйш хуьлу, АллахӀа шена гергахь *«Даима харцлуьйш верг»* – аьлла, иза дӀаязваллалц».** *Бухари.*

**13) Доьзалхо Іаморехь къахьегар хьекъалца доьзна хилар**

Иза ду – массо хIума шен метта диллар, я, кхечу дашца аьлча, шен къахьегар хьекъалца дустуш хилар. Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Ахьа кхайкха хьайн Делан новкъа хьекъалца а, хазчу хьехамца а».** *«Ан-Нахьл», 125.*

**14) Бераш кхетош-кхиорца доьзна долу Іилма дена-нанна хууш хилар**

Бераш Іамош волчунна (уьш дика Іаморхьама) хууш хила деза, берийн шерашка хьаьжжина, царна хьехарна лерина долу Іилма. Цара деша деза бераш Іаморах лаьцна жайнаш. Царна хаа деза, кегийчу я даккхийчу берийн (шерашка хьаьжжина) хуьлучу амалх лаьцна. Амма шегахь хьехаран говзалла ца хилча, цуьнан кхиам ледара хила тарло, цундела ден-ненан декхар ду доьзалхо Іаморехь нийса дерг лахар а, хаар а.

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Ахьа ала: «Цхьатерра буй Іилма дерш а, Іилма доцурш а?»** *«Аз-Зумар», 9.*

**Доьзалш Іаморехь Іеламнахана хетарг**

Ибн Іумара (Дела реза хуьлийла цаьршинна) аьлла: **«Дала церан дика нах бу аьлла цIе яьккхина, уьш шайн дайшца а, доьзалшца а дика хиларна. Хьуна хоийла, хьан доьзалхо хьуна хьалха декхарийлахь хиларе терра, хьо а вуй хьайн доьзалхочунна хьалха декхаре».**

Имам ГIазалис (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: **«Баккъалла а, бер дас-нанас лардан дезаш аманат ду. Баккъалла а, беран дог ду дезчу, цIеначу** (массо хIуманах цIена долчу) **жовхIарех терра. Оцу даго тIелоцу шена хьехнарг, и дог тевжа ша товжийначу агIор. Нагахь иза диканна марздахь, дикане марзло иза, тIаккха дуьне а, эхарт а ирсе хуьлу цуьнан, ял хиларехь хьехнарг декъахо хуьлу цуьнан. Нагахь вуочуьнга и марздахь а, хьайбанаш санна, хьехар ца деш, тесна дитахь а, дакъаза долу иза дуьненахь а, эхартахь а, цуьнан къинойн мохь бахьарехь декъахо хуьлу цуьнан верас.** Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«ХIай ийман диллина нах, аша ларде шайн догIмаш а, доьзалш а керста нахах а, тIулгех а Аса латор йолчу цIарах».** *«Ат-Тахьрим», 6.* **Ткъа дас-нанас шаьшшиннан доьзалхо дуьненан баланех ларварх пайда ца хуьлу, нагахь санна цул чIогIа цаьршимма иза жоьжахатин цIарах ларвеш вацахь. Иза ларвар хила деза цунна гIиллакх а, оьздангалла а Іаморца,**

**вуочу накъостех иза ларварца а. Цунна барамал тӀех дуьненан белхаш хазбан ца беза, уьш хазбелча цунна эхарт а дицлуш».**

Ӏабдуррохьман Ан-Нахьлавий бохучу Ӏеламстага (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: **«Делан шарӀ дӀахӀуттур дац, хӀора стага шен дегӀ а, доьзалш а, кхиболу нах а Делах кӀорггера тешарна тӀехь кхиабаллалц, Дала тоьхна доза цара лардаллалц а. ХӀоккхера схьа ду дайшна тӀехь долу декхар – шайн доьзалш Исламан низамехь кхиор. Иза – АллахӀа бусалба нахе делла аманат ду, хьалхарчара тӀаьхьабогӀучаьрга дӀакхачо дезаш, ткъа ма йоккха дакъазалла ю-кх и дӀакхачорехь ледарло йинчунна».**

Ӏеламнаха иштта билгалдоккху доьзал Ӏаморан дозалла, и хӀора ден-ненан ледарло ян йиш йоцуш декхар хилар а гойтуш. Амма цу тӀехь кхиам хиларан коьрта бехкам – иза Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) хӀоттийначу низамехь дӀадахьар ду. Ткъа беран масал – шена тӀе йоза язданза долчу цӀеначу кехатан масалх терра ду. Оцу цӀеначу кехата тӀе йоза яздича, цкъа а дӀадовр доцуш тӀехь дуьсу иза. Иштта ду дена-нанна шаьшшиннан бер, ша дуьнен чу долуш, цӀена кехат санна, хӀумма а ца хууш, амма дас-нанас хьехнарг шен даг чу а дуьжуш.

## Бераш кхетош-кхиочу урхаллашкахь къахьоьгучу хьехархошкахь хила деза сибаташ

Баккъалла а, хьехархочуьнгахь ца хилча йиш йоцуш хӀуманаш ду, уьш ду цуьнан дегӀаца а, хьекъалца а, гӀиллакхца доьзна:

### 1) ДегӀаца доьзнарг

Иза ду, хьехархо могашалла дика йолуш хилар, шен дегӀ цамгарех а, сакхталлех а цӀена долуш. Баккъалла а, цомгуш волчу хьехархочун ницкъ ца кхочу шен декхарш кхочушдан, могуш волчу хьехархочо кхочушдарх терра. Цхьа а шеко яц, цуьнан дегӀехь йолчу цамгаро хьехарехь цунна новкъарло еш хилар, и бахьанехь Ӏилма Ӏаморан муьрехь бехаш болчу кегийрхошна дуккха хаа дезарг диса а дуьсуш. Иштта и хила веза къора а, бӀаьрса вуон долуш а, маттана таслуш а воцуш, и хила ца веза шен декхарш кхочушдарехь мало йолуш а, хӀунда аьлча мало ечу хьехархочо кхочушдийр дац шена тӀедеххкина декхарш.

### 2) Хьекъалца доьзнарг

Уггар коьрта дерг ду – хьехархочунна шен болх дика хаар; Iилманехь ледара волчу хьехархочо дуккха а эшам бо берашна Iилма Iаморехь, оцу берийн хийла тилла ойла кхоллало. Ткъа иштта хьехархо Iилманехь ледар вуй хиъча, бераша цо дуьйцург схьа ца лоцу, уьш дIабоьрзу цунах, шайна гергахь и ларар а доцуш.

**3) ГIиллакхца доьзнарг**

Хьехархо хила веза берашца кIеда-мерза, хIунда аьлча и цаьрца шога хилча дешархой къаьхка цунах. Амма ша кIеда хиларца цо гайта ца деза ша гIорасиз хилар, хIунда аьлча и гIорасиз вуй хааро дешархойн лерам дIабоккху цунах. Цо уьш марзбан беза собарца а, вовший кIеда-мерза хиларца а, хало ларца а бен кхиам ца хуьлий хаарца доьзначу низамехь. Хьехархо хила веза шеца кхоччуш гIиллакх долуш, комаьрша а, оьгIазвахарх ларлуш а, ша лелориг даггара долуш а, хIунда аьлча и белхаш тергал ца баро дешархойн хьехархочуьна болу ларам а, цуьнан сий а дIадоккху.

## Бусалба бер хьалакхиоран баххаш

Бералла – уггаре дика хан ю адам кхетош-кхиорехь кхиам хиларна. Оцу хенахь кегийчийн хьекъал, ойланаш цIена хуьлу, дуьненан кхачамбацаршца ийна йоцуш. Бераш кхетош-кхиорхочун аьтто хуьлу оцу еххачу заманахь берийн амал шена нийса хетачу кепара кхолла, и бер нийсачу новкъа даккха а. Цундела дас шен бер Iамадар оцу хенахь дIадоладо, цунна дахаран нийсачу низаман масалш далош, хаза гIиллакх гойтуш, сийсазчу гIиллакхех и лар а деш. ХIинца вай билгалбийр бу бер кхиорехь бовза беза коьрта белхаш:

**Догтешна хилар**

Бусалба динехь **догтешна** хилар бохург – иза Делах а, Цуьнан маликех а, Цуьнан жайнех а, Цуьнан Элчанех а, къематдийнах а, Делан кхиэлах тешар а ду, дика а, вуон а Веза-Сийлахьчу Делера ду, аьлла. Уьш дерриге къайлах долчарах хиларо стаг хьере во, берана цунах нийса кхетам муха бала беза ца хууш. Бакъду, Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) бераш кхиорехь бинчу балхе хьаьжча, вайна го коьрта пхиъ бехкам, оцу къайлаха долчарах тешар берийн дагчу дилларухь. ХIорш бу уьш:

**1) Дела цхьаъваран дешнаш берана хьехар**

ИбрахIим бохучу Iеламстага (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: **«Хьалха дIабаханчу нахана деза хетара берана уггаре хьалха Ла́ ила́хIа**

**иллаллóхIу боху дош ворхIазза ала Iамадар. ТIаккха и дош хуьлура уггар хьалха беран багара долуш дерг».**

Ибнуль-Къаййима (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: **«Бер дистхуьлучу хьоле даьлча, Лá илáхIа иллаллóхIу Мухьаммадур-росýлуллóхIи боху дош Iамаде цунна, уггар хьалха цунна Дела цхьаъваран дешнаш хазийтархьама».**

Цундела дина хилла Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) МуIазе весет. Джабалан кIанта МуIаза (Дела реза хуьлийла цунна) аьлла: **«Делан Элчано весет дира соьга итт хIуманца.** Цо элира: **«Делаца накъост ма ве цхьана а хIуманца, хьой вуьйш велахь а, вагош велахь а. Хьайн дена-нанна Iеса ма хила хьо, цаьршимма хьоьга хьайн доьзал а, даьхни а дитий аравала аьлла омра деш делахь а. Ахьа лаамана фарз ламаз ма дуьтийла; баккъалла а, лаамана фарз ламаз дитинарг Дала Шен Iуналлина кIелара дIавоккху. Ахь къаьркъа ма мала, баккъалла а, иза массо боьхачу хIуманан корта бу. Iеса хIума дарх ларлолахь, баккъалла а, Iеса леларца Делан оьгIазло юссу хьуна. Хьайн доьзална напха лолахь, хьайн хьоле хьаьжжина; гIиллакх Iаморан Iаса царна тIера хьала ма айалахь, Делан хьокъехь кхерам лолахь царна».** *Ахьмад.*

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна), шега пайхамаралла доьссинчу хенахь, бераш иймане кхайкхар дIа ца теттира, бакъду, оцу халчу муьрехь и волавелира массо хенарчу нахе кхайкхамаш бан. Итт шаре ваьлла волчу Абу ТIалибан кIант Iела волчу вахара иза. Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) Iела кхайкхира ийман дилларе, тIаккха цо ийман а диллира. Иштта волавелира Делан Элча (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) керла бусалба юкъаралла кхолларе нах кхойкхуш.

**2) Веза-Сийлахь Волу Дела везар а, Цуьнгара гIо лахар а, Дала тоьхна дозанаш лардар а, Дала хила яздинчух а, Цуьнан кхиэлах тешар а берана Iамадар**

ХIора берана, жималлехь къаьсттина, халонаш тIехIуьтту. Башхалла яц, и халонаш цуьнан дегIаца я юкъараллица я аьтто ца хиларца, я дешарца йоьзна елахь а. Бакъду, цхьаберш оцу халонех атта хьалхабовлу, амма цхьаболчарна тIехь оцу халонаша лар а юьту. Муьлха некъ я хIун дарба хир дара-техьа оцу берашна цу халонех хьалхадовла? Цунна дарба вайна хьоьхуш Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) некъ бу, иза – Веза-Сийлахь Волу Дела везар а, Цуьнгара гIо лахар а, Дала тоьхна дозанаш

лардар а, Дала хила яздинчух а, Цуьнан кхиэлах тешар а беран даг чу диллар ду. И тешар беран даг чохь чIагI мел ло, цунна атта хуьлу дахаран новкъа дIадаха а, шен жималла йитина воккхачун дукъ тIелаца а.

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Дала гаттонех, баланех хьалхавоккхур ву кхоччуш Делах кхоьруш верг, ца моьттучу агIор рицкъа а лур ду Цо цунна».** *«Ат-ТIолакъ», 2-3.*

**3) Беранна Пайхамар а** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна)**, цуьнан доьзал а, цуьнан сийдолу асхьабаш а безар даг чу диллар**

Беранна иза даг чу дилларца кхочушхуьлу шахIадат далоран шолгIа бехкам, иза бу – АллахI воцург, кхин Дела вац аларх хоьттина долу, Мухьаммад – Цуьнан Элча ву аьлла тоьшалла дар. Хьалха дIабаханчу бусалба наха тидам тIебохуьйтура, и берана хьехар коьртачех лоруш, хIунда аьлча Делан Элча а (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна), цуьнан доьзал а, цуьнан асхьабаш безарца кхочушхуьлу беран ийман, и кхочушхиларо бер дуьгу массо а диканна тIе, шена тIеIитталучу халонех хьалхадала цунна собар а луш. Тидам тIебахийта дезачех ду, адамо ша кхуьучу хенахь цIеначу нахах масал эца дезаш хилар. Иштта хьал хилча, цо цаьргара нийса некъ, хаза гIиллакхаш, дика амалш схьаоьцу. Бусалба дино вай сутара до, жима бер делахь а я, кхиъна ваьлла стаг велахь а, Делан Элчанера (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) масал эцарна тIехь, Дала кхоьллинчу массо халкъашлахь дика верг а, массарел хаза гIиллакх дерг а, Дала бахкийтинчу Элчанех уггар веза верг а иза волу дела. Баккъалла а, цхьадолчу хьолехь адамо Iовшуш долу Iазап а, ловш йолу цамгарш а, цуьнга кхочуш болу баланаш а Делан Элчанах (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) масал эцарна и (адам) генадалар бахьанехь бен дац.

Веза-Сийлахьчу Дала боху: «**Делан Элчанехь дика масал дара шуна – Делах а, къематдийнах а кхоьручарна, Дела дукха хьехочарна а».** *«Аль-Ахьзаб», 21.*

Абу ТIалибан кIанта Iелас (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Аша Iамаде шайн бераш кхаа хIуманна тIехь: шайн Пайхамар везарна тIехь; цуьнан доьзал безарна тIехь; Къуръан дешарна тIехь а…»**

Анаса (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, цхьана стага Пайхамаре (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) къематдийнах лаьцна хаьттира, аьлла. Цо элира: **«Къематде маца хир ду?»** Пайхамара (Делера салам-

маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Ахь хIун кечдина цунна?»** Оцу стага элира: **«ХIумма ца кечдина, Дела а, Цуьнан Элча а везар бен».** Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Хьо хьайна везначуьнца хир ма ву».** *Бухари.*

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла: **«Шух цхьа а кхоччуш ийман диллина ма вац, шен берел а, дел-ненал а, массо нахал а цунна со дукхавеззалц».** *Бухари, Муслим.*

**4) Берана Сийдолу Къуръан Iамадар**

Дена-нанна там болуш ду шайн берашна кегий болуш Къуръан Iамадар. Оцу балхо церан дегнаш цIандийр ду, ойланаш серлайохур ю, АллахI церан Дела хилар, Къуръан Делан къамел хилар а хоуьйтур ду.

Имам СуютIис (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: **«Берашна Къуръан Iамадар бусалба динан баххех цхьа бух бу. Цо береш динехь кхиадо, церан дегнаш хьикматан серлонца дузу, тиларо а, синлаамаша а уьш дIалацале».**

Iаффанан кIанта Iусмана (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Шух уггаре гIоле верг – Къуръан Iамийна, тIаккха иза дIахьехнарг ву».** *Бухари.*

МасIудан кIанта IабдуллахIа (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Делан жайни чуьра цхьа элп ша дешнарг милла велахь а, Дала дика яздо цунна, и дика итт декъехь совдоккху. Ас ца олу Алиф, Лам, Мим – элп ду, делахь Алиф – элп ду, Лам – элп ду, Мим – элп ду».** *Тирмизи.*

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Цхьа а къам гулделла ма дац АллахIан цIа чохь, АллахIан жайна** (Къуръан) **доьшуш, и Iама а деш шайна юккъехь, тIаккха царна синтем боьссина бен, къинхетамо уьш дIахьулбина бен, маликаша царна гуо биллина бен, АллахIа Шена гергахь долчаьрца** (маликашца) **уьш хьахийна а бен».** *Муслим.*

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Къуръанан аяте**

**ладоьгIнарг милла велахь а, цунна дика яздийр ду, совдоккхуш; и Къуръанан аят дешнарг милла велахь а, къематдийнахь нур хир ду цунна».** *Ахьмад.*

### Берашка Къуръан Iамадайтарна дена-нанна хир йолу ял

МуIазан кIанта СахIла (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Къуръан дешнарг милла велахь, цуьнца Iамал а еш, – цуьнан дена-нанна таж** (корона) **духур ду къематдийнахь, цуьнан серло хир ю дуьненан хIусамашкахь хиллачу маьлхан серлонал хаза. ТIаккха и Къуръан Iама а дина, цуьнца Iамал йинарг муха хир ву аьлла хета шуна?!»** *Ахьмад.*

### Берашна Къуръан хьехаран низам

Имам ШафиIис (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: **«Сайн ворхI шо долуш Къуръан дагахь Iамийра ас, сайн итт шо кхаьчча «МуваттIаъ» олу жайна Iамийра ас».**

IабдуллахIан кIанта СахIла (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: **«Къуръан Iамо вуьйлира со сайн ялх шо долуш, ас иза Iама а дира».**

Шайх Ясина имам Нававийх (Дала къинхетам бойла цаьршиннах) лаьцна аьлла: **«Суна имам Нававий гира Нава олучу меттехь, цуьнан итт шо долуш. Ловзуш долу бераш а дуьтий, Къуръан деша воьдура иза. Дала и везар дагчу тесира суна».**

### Берана хьанал а, хьарам а къасто Iамор

Бераш Iамош волчо цунна хьарам дерг билгалдан деза, и цунах лардалийта, иштта хьаналдерг а билгалдан деза, цуьнга и леладайта, бусалба динан хаза гIиллакхаш а хьеха деза, цаьрца иза нисдалийтархьама. ХIокху кепара бер кхетош-кхиийна дацахь, цунна девзар дац Далла хьалха долу шен жоьпалла, тешаме а, сийдолуш а, адамалла йолуш а хир вац иза. Шен дахаран коьрта Iалашо ца евзаш, бежанаша санна, мацвелча яахIума а юуш, кIадвелча дIа а вуьжуш, шен дегIан лаамаш кхочушбар бен кхин ойла йоцуш, веха иза, дакъазабевллачех а, Iесачу нахах шена накъостий а лоцуш. Цундела ден-ненан декхар ду берана хьанал а, хьарам а довзийтар, Дала хьанал динарг цунна беркате дуй а, амма Цо хьарам динарг зуламе дуй хаийтар а.

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Шу дара нахана юккъе даьккхина дика уммат – диканиг де олуш, вуониг ма де олуш, АллахIх тешаш долуш».** *«Алу Iимран», 110.*

**АллахIна Iибадат дарца доьзна дерг берана хьехар**

Баккъалла а, бералла яц динан белхаш тIебохку хан, амма доьзалхочунна шен бераллехь дуьйна марздан деза Далла Iибадат дар. Иза ду, и доьзалхо воккха а хилла ша Iибадат дар тIедужучу хене ваьлча, массо хIума девзаш и кийча хилийтархьама, тIаккха цунна атта а хуьлуш шена тIедеххкина фарзаш а, Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) суннаташ а кхочушдан. Бакъду, бер жима долуш дуьйна ламаз деш а, маьждиге гIуш а, Къуръан доьшуш а хилча, цуьнан дог дузу Делах кIорггера тешаро. ТIаккха оцу балхо иза кхиадо шегахь дешарна мало йоцуш а, дена-нанна муьтIахь долуш а, неха хIуманна тIе куьйгаш ца кхийдош, шена Дала деллачух тоам а беш. Цундела Делан Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) низам, кхечу муьлххачу низамал гIоле а, шен тIаьхье беркате йолуш а ду.

ХIинца вай билгалбийр бу, бер Далла Iибадат дарна тIехь кхиорехь бовза беза коьрта белхаш, уьш бу:

**1) Ламаз де аьлла, омра дар**

Уггаре хьалха, дас-нанас бере Iибадат де аьлла хьеха дезарг – ламаз дар ду. Цаьршимма бере, ламаз де аьлла, омра дан деза, цунна шен аьтту куьг а, аьрру куьг къасто хиъча я ворхI шаре даьлча. IабдуллахIан кIанта МуIаза (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина шен дегара, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Берана шен аьтту агIо аьрру агIонах къастор девзича, аша омра де цуьнга, ламаз де алий».** *Абу Давуд.*

ШуIайбан кIанта Iамра (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Аша шайн берашка ламаз де ала, церан ворхI шо кхаьчча; церан итт шо кхаьчча, аша и ламаз бахьана долуш царна тоха, дIабуьйшучу меттехь дIаса а къастабе уьш».** *Абу Давуд.*

**2) Берана марха кхабар марздар**

Баккъалла а, Дала бусалба нахе омра дина, марха кхаба, шайн дегIан лаамаш бита аьлла а, шайна ял хиларе сатийсарца церан синош Шех кхерарна тIехь кхиорхьама.

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«ХIай ийман диллина нах, шуна фарз дина марха кхабар, шул хьалха хиллачарна фарз даре терра, – баккъалла а, шу Делах кхоьруш хилийтархьама».** *«Аль-Бакъарат», 183.*

Баккъалла а, Делан Элчанна (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) дукхадезаш хилла бераша марха кхабар, царна тIех ницкъ хуьлуш бацахь. Цуьнан асхьабаша (Дела реза хуьлийла царна), берашна тIех ницкъ ца хилийтархьама, царна хан яцъеш, цхьацца хьаналчу новкъахь долу самукъане ловзарш дагадохккуьйтуш хилла.

ХаттIабан кIанта Iумара (Дела реза хуьлийла цунна) мархин баттахь шена хIума кхоллуш гинчу Нашване аьлла: **«Дакъазалла ю хьуна, вайн бераш ма ду марха кхобуш!»**

Ибн Хьажара (Дала къинхетам бойла цунах) аьлла: **«Iеламнехан цхьабарт бу, пхийттара валанза волчунна тIехь дац марха кхабар, амма и кхаба церан ницкъ кхачахь, кхабар деза дуй хаийтар Элчанан суннатах ду».**

СаIдан кIанта СахIла (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Баккъалла а, ялсамани чохь неI ю, Райяян цIе йолуш, къематдийнахь цу чу гIур ма бац марха кхаьбнарш бен; уьш боцурш цхьа а гIур вац оцу чу. Кхайкхар догIур ду, мичахь бу марха кхаьбнарш, аьлла. Уьш хьала а гIовттийна, цу чу бохуьйтур бу; уьш чубахча, неI дIакъовлур ю, кхин цхьа а гIур вац цу чу».** *Бухари, Муслим.*

**3) Закат даларх берана кхетам балар**

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«ХIай ийман диллинарш! Оха шайна деллачу рицкъанах закат дIало аша, шена чохь йохкар а, доттагIалла а, шапаIат а доцу де** (къематде) **тIекхачале».** *«Аль-Бакъарат», 254.*

Баккъалла а, дас-нанас берана иза жима доллуш хьеха деза закат дала дезарх лаьцна. Цаьршимма цунна хаийта деза, закат даларо даьхни а, синош а цIандеш, ийман, беркат совдоккхуш хилар а. ДогIмаш, синош а цIандаро дегIера сийдоцу гIиллакхаш дIадоху, – бIаьрмецигалла, сутаралла а, къизалла а, нехан даьхни даар а, берриг сийсаза белхаш а, нахана юккъе хьагI а,

мостагIалла а тосуш долу.

Хьизаман кIанта Хьакима (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Лакхара куьг лахарчу куьйгал а дика ду. Айхьа доладеш болчарна тIера дIаволало хьо. Уггаре а дика сагIа – шен хьолана тIера делларг ду. ХIума ехарх ларвелларг – Дала ларвийр ву; шегахь долчух кхачам бинчунна – Дала кхачам бийр бу».** *Бухари, Муслим.*

**4) Берана ХьаьжцIа вахаран белхаш бовзийтар**

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Баккъалла а, лаьтта тIехь нахана Iибадат дан уггаре хьалха доьгIна цIа Баккахь** (Маккахь) **дерг ду. Iаламашна беркате долуш, нийса некъ гойтуш ду иза. Оцу цIийнаца ю бакъйолу билгалонаш, царах цхьаъ ю ИбрахIим лаьттина меттиг а. Макки чу кхаьчнарг маьрша ву массо зуламах. Далла гергахь нах декхар бу Цуьнан цIийна тIе** (КаIбате) **хьаж дан, шайн ницкъ кхачахь. Хьаж дарна цхьаммо инкарло яхь а, АллахI ма вац шен Iаламех хьашто йолуш».** «*Алу Iимран», 96-97.*

Баккъалла а, дас-нанас берана хьеха деза ХьаьжцIа Дала Шена Iибадат дайтархьама догIийтина хилар, аьтто болуш верг, шен оьмарехь цкъа вахана а, цига ваха везаш хилар а. Дала ХьаьжцIа вахар фарз дина тIедиллина Шен лейх къинхетам бархьама, уьш къинойх цIанбархьама а. Баккъалла а, хьаж дехкарехь бусалба наханна дуккха пайданаш бу, царах бу – дуьненан еа маьIIера бусалба нах цхьана меттехь цхьаьнакхетар, уьш вовшийн бовзар, Делан новкъахь хало лар а, и къобал хилларг Дала массо къинойх цIанвар, кхиберш а. И белхаш бовзаро берийн дегнаш Делах тешарехь чIагIдо, бусалба нах безар совдоккху, хIокху дуьненан еа маьIIера бусалба нах цхьаъ хилар гойту.

Абу ХIурайратера (Дела реза хуьлийла цунна) деанчу хьадисехь ду: **«Суна хезира Делан Элчано** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **олуш: «Шегара цхьа къа леташ долу а, оьзда доцу а хIума ца долуьйтуш, Делан дуьхьа хьаж динарг, нанас дена вича санна, къинош доцуш цIа вогIур ву цигара».** *Бухари, Муслим.*

**Беро Iилма Iаморна тIехь да-нана сутара хилар**

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Ахь ала: «ХIай сан Дела, Iилманехь соваккхахь со».** *«ТIохIа», 114.*

Баккъалла а, Веза-Сийлахьчу Дала кхоччуш тергам тӀебахийтина Ӏилма Ӏаморна. Цундела дена-нанна тӀехь декхар ду ницкъ кхочучу барамехь бере дешийтар. Дас-нанас бер дешарна тӀехь сутара даро берана билгалбоккху дахаран некъ, тӀаккха иза дуьненахь а, эхартахь а ирсе а хуьлуш. Вайн Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла: **«Ӏилма лахар фарз ду хӀора бусалба стагана а, зудчунна а тӀехь».** *Ибн МажахӀ.*

ХӀокху сийлахьчу хьадисе ладоьгӀча, хӀора стагана билгалдолу, ницкъ кхочучу барамехь Ӏилма Ӏамор фарз хилар а, шен Ӏуналлина кӀеллахь болчаьрга и Ӏамадайта дезаш хилар а.

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«АллахӀа даржехь хьалаойу шух ийман диллинарш а, шайна Ӏилма делларш а».** *«Аль-Мужадалат», 11.*

Веза-Сийлахьчу Дала боху: **«Ахь ала: «Цхьатерра буй Ӏилма дерш а, Ӏилма доцурш а?»** *«Аз-Зумар», 9.*

### Берана уггар хьалха Ӏамо деза хьадисаш

ХаттӀабан кӀанта Ӏумара (Дела реза хуьлийла цунна) аьлла: «Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) олуш хезнера суна: **«Баккъалла а, Ӏамалш нигаташка хьаьжжина ю, хӀора стагана ду цо нигат диннарг. Шен махках валар** (хӀижрат дар) **АллахӀан дуьхьа а, Цуьнан Элчанан дуьхьа а хилларг, – цуьнан махках валар АллахӀан а, Цуьнан Элчанан дуьхьа а ду. Ша гулдийр долчу дуьненан дуьхьа я ша ялор йолчу зудчун дуьхьа шен махках валар хиллачун, махках валар – ша махках ваьллачу хӀуманан дуьхьа ду».** *Бухари.*

Ӏабдуррохьмана (Дела реза хуьлийла цунна) аьлла: «Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира: **«Баккъалла а, АллахӀ, Веза-Сийлахь ву Иза, шун догӀмашка а, шун куьцашка а хьоьжуш вац, амма, бакъду, Иза хьоьжуш ву шун дегнашка а, шун Ӏамалшка а».** *Муслим.*

Абу ХӀурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) аьлла: «Суна Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) олуш хезира: **«АллахӀах дуй буу ас, дийнахь АллахӀе гечдар доьхуш, Цуьнга тоба а деш ву со кхузткъе уьттазза сов».** *Бухари.*

Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла: **«Бусалба нехан масал, – уьш вовший безарехь, вовшашца къинхетаме хиларехь а,**

**вовшашца кIеда-мерза хиларехь а – цхьана дегIах терра ду, цунах цхьа меже лазаяьлча дисина дегI тIаьхьадозуш, – наб ца кхетарца а, дагар хиларца а».** *Бухари, Муслим.*

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Пайхамара (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Нах охьабеттарх дац ницкъ болуш хилар, баккъалла а, ницкъ болуш верг – ша оьгIазвахча шен дегIан дола далуш верг ву».** *Бухари, Муслим.*

Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) аьлла: **«Адаман бер Iуьйренга даьлча, цуьнан ерриге а меженаш матте дехар деш хуьлу, шаьш олуш: «Делах кхералахь тхан хьокъехь, тхо хьох тешна ю хьуна, хьо нисбелча, тхо а нисло, хьо гамбелча, тхо а гамло».** *Тирмизи.*

Муррат Аль-ХIамданис дийцина, IабдуллахI (Дела реза хуьлийла цунна) олуш вара, аьлла: **«Харцлерах ларлолаш, баккъалла а, харцлеро жоьжахати чу вуьгу. Стага харцлер дуьтур ма дац, АллахIа шена гергахь *«Даима харцлуьйш верг»* аьлла, иза дIаязваллалц. ТIаккха цуьнан дог къиноша дIалоцур ма ду, цо деш долчу дикачу хIуманна оцу чохь саца меттиг ца буьтуш».**

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Мунепакъ стеган кхоъ билгало ю: ша хабар дуьйцуш харцлуьйш хуьлу иза, ша бина барт бохабо цо, ша тешаме вича, ямарт хуьлу иза».** *Бухари, Муслим.*

### Бусалба динехь магийначу кепара берана хьуьнар къовсар Iамор

Веза-Сийлахьчу Дала, хьарам ду аьлла, бусалба стагана дихкина цуьнан дегIана зене дерг. Дала пайден дерг хьанал дарца, и лелорна тIехь сутара вина бусалба стаг. Веза-Сийлахьчу Далла лаьа, Шен лай онда хила. Цундела дас-нанас доьзалхо хьуьнар къовсар («спорт») Iамош, цуьнца зIе йолуш хиларна тIехь кхио веза, хIунда аьлча вайн Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) шен хьадисехь билгалдина, онда волу бусалба стаг Далла дукхавезаш хилар.

Абу ХIурайрата (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Онда волу бусалба стаг дика ву, Далла дукхавезаш а ву, гIийлачу бусалба стагал, цаьршинах хIорангахь а дика ду. Хьайна пайден долчунна тIехь сутара хила хьо, Делера гIо а лаха ахь, гIорасиз а ма хила хьо».** *Муслим.*

**«Онда хилар»** – бохучу дешан маьIна Iеламнаха иштта даьккхина: ийман чIогIа долуш, ницкъ боккха болуш, аьтто болуш а хилар ду, аьлла. Онда волу бусалба стаг Далла дукхавезар бахьана ду – цуьнгахь гIийлачу стагана гIо дар долу дела, Далла Iибадат дарехь цуьнгахь ницкъ алсам болу дела. Цундела да-нана сутара хила деза шаьшшиннан доьзалхочунна цунна пайдениг Iаморехь.

Хьуьнар къовсар схьадогIуш ду (бусалба динехь) вайн Элчанан (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) заманера дуьйна. Ибнуль-Къаййим (Дала къинхетам бойла цунах) бохучу Iеламстага тоьшалла до оцу тIехь шен дашехь; цо аьлла: **«Билггал хууш ду, вайн Элчано** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **шен асхьабашна юккъехь къовсамаш дIабаьхьна хилар: чехка вадарехь, говраш а, эмкалш а масала хахкарехь а».**

Бусалба динехь хьуьнар къовсаран хаза масал ду вайна Тирмизис далийначу хьадисехь: **«Iабду Язидан кIант Руканат цхьаьнгга а охьа ца тохалуш латархо вара. Цхьана дийнахь ша Делан Элчанна** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **дуьхьалкхетча, шеца ондалла латаре кхайкхира цо иза. Делан Элчано** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **ша охьатоьхча, шозлагIа, кхозлагIа летира иза, амма Делан Элча** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **туьйлира цул. Мухьаммад** (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) **Дала боккха ницкъ белла ваийтина Элча хилар шена хиъча, Руканат бусалба дине веара».**

### Хьуьнар къовсар Iамош долчу берана бовзийта беза коьрта белхаш:

1. ЦIена ниййат долуш, Делан дуьхьа хилар.
2. Хьуьнар къовсарх бахьана а дина, ламазна ледарло ца яр.
3. Ша Iамош дерг шена а, нахана а зене ца хилар.
4. Оьшучу барамал тIех шовкъе ца вийлар.
5. Шена Дала беллачу ницкъа тIехь нахана хьалха куралла ца яр.
6. Шегара гIо оьшучу меттехь бусалба стагана гIо дар.

### Шен бераш а кхобуш, кхечанхьа маре ца йоьдуш йисина Iаш йолчу зудчунна болу мела

Маликан кIанта Iавфа (Дела реза хуьлийла цунна) дийцина, Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) элира, аьлла: **«Со а, шен беснеш малхо еттина зуда а** *(бераш кхобуш къахьоьгуш йолу)* **хIара шиъ санна хир ду къематдийнахь** (цо цхьаьна схьалецира шен хьажо а, юккъера

а ши пIелг). **Иза дикачу тайпанах а, хаза а йолуш йисина Iаш йолу зуда ю, шен бераш бахьана долуш маре а ца йоьдуш сецна йолу, уьш шех къастталц я баллалц».** *Ахьмад.*

ХIара ду-кх Делан Элчано (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна) байш кхобуш Iачу зудчун хьокъехь аьлларг, Далла гергахь цуьнан дарж деза хилар шен умматна гойтуш.

**Веза-Сийлахьчу Дала Ша реза Волчу агIор доьзал кхио хьекъал а, собар а, ницкъ а лойла бусалба нахана!**

**Жайна хIоттийнарг – Алиев Бексолтин Ахьмад**

Рецензент – Магамедов С.Р.

**Редактор – А.А.Гайтукаев**
**Техн. редактор – А.А.Гайтукаев**
**Верстка – З.А.Махадаев**
**Дизайн – З.А.Байтуев**

**Подписано в печать 27.10.2010. Тираж – 2000 экз.**

**ООО …**

**Чулацам**

**Дешхьалхе**
**Пайхамара хIоттийна низам – иза хIора заманахь а, массо меттехь а бераш кхетош-кхиорехь уггаре дика низам ду**
**Бераш кхетош-кхиорехь ден-ненан долу дакъа**
**Бераш кхетош-кхиорехь дена-нанна тIехь долу жоьпалла**
**Бусалба динехь бераш кхоччуш кхетош-кхиоран низам**
**Дайша-наноша тидаме эца дезачух коьртаниг**
**Дегахь, ненехь а, берийн хьехархочуьнгахь а хила деза сибаташ**
**Доьзалш Iаморехь Iеламнахана хетарг**

**Бераш кхетош-кхиочу урхаллашкахь къахьоьгучу хьехархошкахь хила деза сибаташ**
**Бусалба бер хьалакхиоран баххаш**
**Догтешна хилар**
**Дела цхьаъваран дешнаш берана хьехар**
**Веза-Сийлахь Волу Дела везар а, Цуьнгара гІо лахар а, Дала тоьхна дозанаш лардар а, Дала хила яздинчух а, Цуьнан кхиэлах тешар а берана Іамадар**
**Беранна Пайхамар а (Делера салам-маршалла хуьлийла цунна), цуьнан доьзал а, цуьнан сийдолу асхьабаш а безар даг чу диллар**
**Берана Сийдолу Къуръан Іамадар**
**Берана хьанал а, хьарам а къасто Іамор**
**АллахІуа Іибадат дарца доьзна дерг берана хьехар**
**Ламаз де аьлла, омра дар**
**Берана марха кхабар марздар**
**Закат даларх берана кхетам балар**
**Берана ХьаьжцІа вахаран белхаш бовзийтар**
**Беро Іилма Іаморна тІехь да-нана сутара хилар**
**Берана уггар хьалха Іамо деза хьадисаш**
**Бусалба динехь магийначу кепара берана хьуьнар къовсар Іамор**
**Хьуьнар къовсар Іамош долчу берана бовзийта беза коьрта белхаш:**
**Шен бераш а кхобуш, кхечанхьа маре ца йоьдуш йисина Іаш йолчу зудчунна болу мела**